



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI AP METE FEN NAN MARYAJ TIMOUN YO NAN NEW YORK

Ogmante Laj Konsantman Pou Maryaj yo Soti 14 an pou rive 18 an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa pou mete fen nan maryaj timoun yo nan New York. Pwojè lwa a ogmante laj konsantman an pou moun marye soti 14 an pou rive 18 an, epi li fè amandman pwosesis lan pou egzije konsantman jidisyè ak parantal pou maryaj sila yo ki gen laj ki ant 17 ak 18 an.

“Administrasyon sa te travay san fatigue pou defann Nouyòkè ki eksplwate epi ki dezavantaje yo, bay timoun minè yo dwa ak pwoteksyon ke yo merite, epi asire ke fanm yo gen pouvwa pou gen kontwòl sou pwòp lavi yo, epi ak pwojè lwa sa, nou kontinye ede pwoteje sila yo ki pa kapab pwoteje tèt yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se yon pa annavan majè nan efò nou yo pou pwoteje timoun yo epi anpeche maryaj fòse yo, epi mwen fyè pou mwen siyen pwojè lwa sa ki ap mete yon bout nan maryaj timoun yo nan New York yon fwa pou tout.”

An Fevriye, Govènè a [te anonse](#) ke l’ap pwopoze yon pwojè lwa pou mete fen nan maryaj timoun yo lè li ogmante laj konsantman pou marye an soti 14 pou rive 18 an nan New York. Jiskaske lè yo te siyen pwojè lwa sa jodi a, menm jèn timoun ki te gen laj 14 an te ka marye ak pèmasyon parantal ak konsantman alekri ke yon jij te bay. Lwa anvan an, ki date depi 1929, pa bay oryantasyon pou jij yo ki ap detèmine si wi ou non yo dwe bay konsantman. Plis pase 3,800 minè te marye nan New York ant 2000 e 2010. Kounye a, lalwa fòmèlman entèdi nenpòt moun ki gen pi piti laj ke 17 an pou yo marye, epi li bay oryantasyon pou jij yo ki gen responsabilite pou fè yon detèminasyon si wi ou non yon moun ki gen 17 an kapab marye. Espesifikman, yon jij dwe asire ke moun lan ap antre nan maryaj la ak pwòp volonte yo, ke yo p’ap kontrenn yo pa fòs, fwod, oswa kontrent, epi asire ke maryaj la pa pral mete an danje sekirite sante mantal, emosyonèl, oswa fizik aplikan an.

Rechèch yo montre ke jèn fi ki marye anvan 19 an yo gen 50 pousan plis chans pou kite lekòl segondè pase kamarad yo ki pa marye yo, e gen kat fwa mwens chans pou yo gradye nan inivèsite. Fanm yo ki te marye anvan ke yo te gen laj 18 an yo tou an danje ki ogmante pou devlope twoub sante mantal ak fizik yo, ki enkli fè fas a 23 pousan pi gwo risk atak kadyak, dyabèt, kansè ak aksidan vaskilè serebral. Fi ki marye jèn yo gen 31 pousan plis pwobabilite pou viv nan povrete lè yo vin pi aje, epi yo gen twa fwa plis

pwobabilite pou mari yo bat yo ke fanm ki te marye nan laj 21 an oswa pi aje yo.

Senatè Andrew J. Lanza te di, “Lwa sa pral ale lwen nan onore valè nou yo ak angajman nou nan pwoteje timoun yo, espesyalman jèn fi yo, kont pratik kontrenyant, opresif, ak destwiktif maryaj fòse oswa mal enfòm yo. Antan ke papa de pitit fi, mwen sensèman remèsye epi felisite Manm Asanble a Amy Paulin ansanm ak Gouvènè Andrew Cuomo poutèt vizyon ak lidèchip yo.”

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, “Lwa aktyèl lan ki pèmèt timoun 14 an yo pou yo marye se diskriminasyon kont fanm yo ki te ekri eksplisitman nan prensip nou yo. Viktim maryaj timoun yo fòse epi kondane pou viv yon lavi ke yo pa’t chwazi san mwayen pou yo chape, sa ki abouti a pwoblèm sante fizik ak mantal yo, pèt opòtinite edikatif ak ekonomik yo, ak yon pwobabilite ki ogmante pou eksperimante vyolans. Jounen jodi a, nou mete yon bout nan maryaj timoun yo nan Eta New York, epi nou etabli yon presedan ke rès eta yo ta dwe swiv.”

Sonia Ossorio, ki se Prezidan, Òganizasyon Nasyonal pou Fanm yo (National Organization for Women, NOW), te deklare, “NOW ekstrèmman rekonesan dèsk Gouvènè nou an te fè li yon priyorite prensipal pou mete fen nan maryaj timoun yo nan eta nou an, epi nan travay ansanm ak lejislatè yo, avoka yo, ak sivivan kouraje yo – nou te fè li reyalize. New York ap mennen nasyon an nan mete fen nan abi dwa imèn yo epi etabli yon egzanp pou nasyon an okonplè swiv. Mwen pa gen dout ke lòt eta yo pral fè menm jan epi fè pratik afre sa vin yon relik pase.”

George Zarubin, ki se Direktè Egzekitif AHA Foundation (Fondasyon AHA), te deklare, “Lè li siyen pwojè lwa sa, Gouvènè Cuomo ap leve kanpe pou pwoteje dwa jèn Nouyòkè yo. New York te trennen dèyè lòt eta yo e menm lòt nasyon yo pandan twò lontan lè li te pèmèt pratik malfezan maryaj timoun yo. Lè yo marye jèn sa anpeche yon fason konsiderab kapasite jèn fi yo pou fini edikasyon yo epi viv yon lavi ki konble ak kè kontan. AHA Foundation remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li sou pwoblèm sa ansanm ak pou tout bagay ke li te fè pou pwoteje dwa tout Nouyòkè yo.”

Connie Neal, ki se Direktris Egzekitif nan New York State Coalition Against Domestic Violence (Kowalisyon Kont Vyolans Domestik nan Eta New York), te deklare, “Nou kontan pou nou wè Gouvènè Cuomo siyen pwojè lwa sa pou vin tounen lwa ki pral mete fen nan maryaj timoun yo nan Eta New York. Maryaj timoun yo te yon pwoblèm ki lakòz gwo enkyetid, pliske yo se maryaj fòse. Fanm atravè mond lan ki marye anvan ke yo gen laj 18 an gen 3 fwa plis pwobabilite pou sibi asèlman fizik nan men mari yo ke fanm ki marye nan laj 21 an oswa pi aje yo. Pwojè lwa a te adopte alinanimite nan toulède chanm yo, epi li modènize yon lwa antikite Eta New York ki pral pèmèt pou jèn fi yo gen plis opòtinite edikatif, sosyal ak ekonomik ak avantaj nan fiti.”

Onorab Judy Harris Kluger, ki se Direktris Egzekitif Sanctuary for Families, te deklare, “Ak siyati sa jodi a pou lwa ki ap bani maryaj timoun yo, Eta New York te fè yon pa annavan enpòtan pou mete fen nan yon vyolasyon dwa imèn yo. Sanctuary for Families te wè dirèkteman ke jèn fi yo ki fòse marye yo gen plis pwobabilite pou soufri de vyolans domestik, epi yo gen mwens pwobabilite pou konplete edikasyon yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo, Manm Asanble a Paulin ak Senatè Lanza poutèt lidèchip yo

epi poutèt yo kanpe ansanm avèk nou kont inegalite sèks ak eksplwatasyon timoun yo. Maryaj se kounye a yon etap fondamantal nan lavi granmoun, pa nan anfans.”

Jeanne Smoot, ki se Konseye Prensipal pou Politik ak Estrateji nan Tahirih Justice Center (Sant Jistis Tahirih), te deklare, “Tahirih Justice Center fyè poutèt li te ede fòme pwojè lwa monimantal sa pou ede pwoteje fi yo kont malè ki ireparab, ki ap dire tout lavi yo. Ak nouvèl lwa sa, New York te fè yon gwo pa annavan enpòtan ki ap anpeche maryaj fòse yo, epi redwi anpil risk nan sante, sekirite ak avni jèn moun yo ki ka soti nan lè yo marye twò jèn, menm si se chwa yo. Nou espesyalman apresye lidèchip byen bonè Gouvènè an nan sesyon sa pou asire ke pwojè lwa enpòtan sa te adopte. Nan limite maryaj ak ganmoun legal yo, jan lwa sa fè an apati emansipasyon nenpòt moun ki gen laj 17 an ke yo bay pèmisyon pou marye, sa se non sèlman bon bagay pou nou fè a, men tou li entelijan epi bon pou politik piblik.”

Heather Barr, ki se Chèchè Siperyè sou Dwa Fanm yo, nan Human Rights Watch, te deklare, “Toupatou nan mond lan, yon fi ki gen laj mwens ke 18 an marye chak de segonn. Se yon wont nasyonan ke anpil nan maryaj sa yo ap fèt nan peyi Etazini. Gouvènè Cuomo ansanm ak lejislasyon New York yo te montre lidèchip reyèl jodi a nan fè lwa kont maryaj timoun yo, epi nou espere ke 47 eta yo ki rete pou ajè yo pral swiv egzanp New York lan.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418